

CATHOLIC MIGRATION SERVICES: 718-236-3000/347-472-3500

DIOCESAN HAITIAN APOSTOLATE: 718-462-0223

**HAITI T.P.S.:** Re-enskri depi 1 Oktòb rive 30 Novanm 2012 pou ekstansyon TPS Janvyè 2013 – Jiyè 2014 (Pale ak yon avoka oubyen konseye otorize!)

- Prèw ou se Ayisyen : **1ye papye TPS la**, ak nesans/batistè, **paspò** ou fèy de wout konsila Ayiti
- Prèw ou t-ap viv Ozetazini anvan ou depi 12 Janvyè 2011 e ou kontinye viv la jous dat ou re-enskri : **TPS + dokiman travay , taks, lwaye, bòdwo, kontra, dokiman lekòl, doktè, lopital , famasi, resi, transfè, selilè, legliz e latriye**
- **Otorizasyon travay -w pwolonje otomatik jiska 22 Jiyè 2013**
- **Ou bezwen 2 foto koulè plis Fòm I-821 ak I-765**

<u>Laj</u>	<u>I-821</u>	<u>I-765</u>	<u>Biometrik</u>	<u>Kotizasyon nan frè</u>
...-14	-	-	N/A	Mande konbyen
14-65	--	\$380	\$85	Mande konbyen
65 +	-	-	85	Mande konbyen

Si se premye fwa w-ap aplike pou TPS, fò w verifye ak avoka ou byen konseye otorize si-w elijib pou aplike an reta (**Ajoute \$50 pou I-821**)

Sonje ou oblije bay nouvo adrès tou swit, tout gason pou enskri ak « Selective Service », ou pa ka vwayaje san pèmi espesyal.

## LASANTE

Mache e fè egzèsis 30 minit, 5 jou pa semenn ; dòmi 7 è chak jou ; Pa Fimen

Limite sèl, sik ak grès ; manje anpil fwi ak legim chak jou ; dlo, ji 100%, « seltzer »(nan plas soda) ; pwason, poul ak kodenn san po, vyann wouj tou piti ; pa pran plis manje ke gwosè men-w, konsa senti-w va mwens ke 35(fi)ou 40(gason)

Chak ane egzamen konplè kay doktè ak tès apropiye(Pap tès,Mamogram,Pwostat

Nan ka ijans, rele 911 pou anbilans ak swen ijans nan nenpòt lopital menm si ou pa gen papye ou byen asirans sante

*Vire tanpri*

Rele nou nan (718) 236-3000 si ou bezwen asirans sante gratis ou byen bon mache NY pou ti moun, pou adilt ak fanmi ou byen pou pèsonaj.(FIDELIS CARE)

Si ou pa ranpli tout kondisyon pou asirans men abite nan lavil NY ou Westchester ou Nassau County, ou gen dwa ale nan klinik ak famasi lopital lavil New York e peye yon ti kraze dapre kantite lajan e kantite moun nan fanmi-a (**HHC Options**)

**Dwa nan Travay :**salè minimòm \$7.25, « overtime » apre 40 è, ekipman sekirite ak trenin. Si ou gen kesyon ou pwoblèm, rele 1-877-525-2267.

**Dwa nan kay:** dlo cho, chofaj, reparasyon, baryè nan fenèt pou ti-moun, renouvèlman kontra. Si ou gen kesyon ou pwoblèm, rele nou nan (347)472-3500.